*Qaraqalpaqstan Respublikası*
*Statistika basqarması*

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA ORTA-ARNAWLI KASIP-ÓNER BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERI














**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019- jıl 6- sentyabrdegi “Professional bilimlendiriw sistemasın jánede jetilistiriwge tiyisli qosımsha ilajlar tuwrısında”ǵı PF-5812-sanlı pármanında 2017-2021- jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes ústin baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasında belgilengen wazıypalardı ámelge asırıw, miynet bazarı talaplarına uyqas joqarı maman kadrlardı tayarlaw, bilimlendiriw sapasın bahalawdıń xalıq aralıq standartların engiziw, innovciyalıq ilim jetiskenliklerin ámeliyatqa engiziwdiń nátiyjeli mexanizmlerin jaratıw arqalı mámlekette tálim sistemasın reformalaw boyınsha izbe-iz jumıslar ámelge asırılıp atır. 2020/2021- oqıw jılınan baslap Ózbekstanda baslanǵısh, orta hám orta arnawlı professional tálim sistemasında tiyisli tálim programmalar engizilgen kásip-óner mektepleri, kolledjler hám texnikumlardan ibarat professional tálim mákemeleri tarmaǵı dúzildi.**

# Kásip-óner mektepleriniń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, birlikte (2020/2021- oqıw jılı basına)

| | |
|---|---|
| Ámiwdárya | 2 |
| Beruniy | 2 |
| Bozataw | 1 |
| Qaraózek | 1 |
| Kegeyli | 2 |
| Qońırat | 2 |
| Qanlıkól | 1 |
| Moynaq | 1 |
| Nókis rayon | 1 |
| Taqıyatas | 1 |
| Taxtakópir | 1 |
| Tórtkúl | 2 |
| Xojeli | 1 |
| Shımbay | 1 |
| Shomanay | 1 |
| Ellikqala | 1 |
| Nókis qalası | 2 |

**2020/2021- oqıw jılı basında Qaraqalpaqstan Respublikasında jámi 23 kásip-óner mektepleri xızmet kórsetip atır.**

# Kásip-óner mekteplerinde bilim alıp atırǵan oqıwshılardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına)




**2020/2021- oqıw jılı basına kásip-óner mekteplerinde 4707 oqıwshı oqıp atırǵan bolıp, bul kórsetkish rayonlar kesiminde bólistirilgeninde, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda oqıwshılardıń joqarılıǵı Nókis qalasında 562 oqıwshı, Qońırat rayonında 462 oqıwshıǵa tuwrı kelgenin kóriwimizge boladı.**

## Kásip-óner mekteplerinde oqıtıwshılardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına)

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ámiwdárya | 36 | Taqıyatas | 25 |
| Beruniy | 30 | Taxtakópir | 12 |
| Bozataw | 9 | Tórtkúl | 28 |
| Qaraózek | 15 | Xojeli | 19 |
| Kegeyli | 32 | Shımbay | 25 |
| Qońırat | 44 | Shomanay | 20 |
| Qanlıkól | 21 | Ellikqala | 22 |
| Moynaq | 11 | Nókis qalası | 47 |
| Nókis rayon | 14 | | |

**2020/2021- oqıw jılı basına kásip-óner mekteplerinde jámi oqıtıwshılar sanı 410 (orındaslarsız) quraǵan bolıp, sonnan eń kóp oqıtıwshı Nókis qalasında 47 (12 %) ti tuwrı keledi.**

## Bir oqıtıwshıǵa tuwrı keletuǵın oqıwshılar sanı, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına)



**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha kásip-óner mektеplerinde bir oqıtıwshıǵa (orındaslarsız) ortasha 11 oqıwshı tuwrı keledi. Bulardan, rayonlar kesiminde eń joqarı kórsetkish Tórtkúl hám Beruniy rayonlarında belgilenip, ol jaǵdayda bir oqıtıwshıǵa ortasha 15 oqıwshı tuwrı kelgen bolsa, Ámiwdárya rayonında bolsa eń tómen kórsetkish, yaǵnıy, bir oqıtıwshıǵa ortasha 8 oqıwshı tuwrı kelgen.**

## Kolledjlerdiń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, birlikte (2020/2021- oqıw jılı basına)






## Kolledjlerde bilim alıp atırǵan oqıwshılardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına )




**Qaraqalpaqstan Respublikasında 2020/2021- oqıw jılı basında 17 kolledjlerde 5067 oqıwshı oqıp atırǵan bolıp, bul kórsetkish rayonlar kesiminde bólistirilgeninde, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda oqıwshılardıń kópligi Nókis qalasında - 1153 oqıwshı, Beruniy rayonında - 811 oqıwshıǵa tuwrı kelgenin kóriwimizge boladı.**

# Kolledjlerde oqıtıwshılardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına, orındaslarsız)






# Kolledjlerde ortasha bir oqıtıwshıǵa tuwrı keletuǵın oqıwshılardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, birlikte (2020/2021- oqıw jılı basına, orındaslarsız)




2020/2021- oqıw jılı basına Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jámi kolledjlerde 302 oqıtıwshı xızmetkerler xızmet kórsetip atır. Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha kolledjlerde bir oqıtıwshıǵa (orındaslarsız) ortasha 17 oqıwshı tuwrı keledi. Bulardan, rayonlar kesiminde eń joqarı kórsetkish Qanlıkól rayonında belgilenip, ol jaǵdayda bir oqıtıwshıǵa ortasha 32 oqıwshı tuwrı kelgen bolsa, Nókis qalasında bolsa eń tómen kórsetkish, yaǵnıy, bir oqıtıwshıǵa ortasha 11 oqıwshı tuwrı kelgen.

# Akademikalıq liceylerde bilim alıp atırǵan oqıwshılar hám oqıtıwshılardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına)




**Qaraqalpaqstan Respublikasında 2020/2021- oqıw jılı basına 5 akademikalıq liceylerde jámi 2960 oqıwshı bilim alıp atırǵan bolıp, olarǵa jámi 280 oqıtıwshı bilim berip atır.**

## Texnikumlardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, birlikte (2020/2021- oqıw jılı basına)

| | |
|---|---|
| Nókis qalası | 4 |
| Qońırat | 2 |
| Ámiwdárya | 1 |
| Tórtkúl | 1 |
| Qaraózek | 1 |
| Xojeli | 2 |
| Kegeyli | 1 |
| Ellikqala | 1 |

# Texnikumlarda oqıwshı hám oqıtıwshılardıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, kiside
## (2020/2021- oqıw jılı basına)

| oqıwshılar sanı | | oqıtıwshılar sanı |
|---|---|---|
| 1331 | Nókis qalası | 164 |
| 161 | Ámiwdárya | 12 |
| 80 | Qaraózek | 11 |
| 66 | Kegeyli | 10 |
| 456 | Qońırat | 37 |
| 139 | Tórtkúl | 8 |
| 477 | Xojeli | 40 |
| 251 | Ellikqala | 20 |

◆ *oqıwshılar sanı* (green)
◆ *oqıtıwshılar sanı* (red)

*Qaraqalpaqstan Respublikası*
*Statistika basqarması*

# Texnikumlarda bilim alıp atırǵan oqıwshılardıń jinsi boyınsha bólistiriliwi, % te
# (2020/2021- oqıw jılı basına)

**Qızlar** • 61,1

**Ul balalar** • 38,9

**2020/2021- oqıw jılı basına Qaraqalpaqstan Respublikasında iskerlik júrgizip atırǵan texnikumlarda jámi oqıp atırǵan oqıwshılar 2961 quraǵan bolıp, olardan 61,1 % qızlar, 38,9 % ul balalar quraydı.**







**Sociyallıq taraw statistikası bólimi**
**Tel.: (61) 222-79-83**